

**NOTIFIKASYON SOU UTILIZASYON ENFÒMASYON PRIVE
POU MOUN KI ANWOLE NAN PWOGRAM
BENEFIS SWEN MEDIKAL ETA NEW JERSEY**

**NOTIFIKASYON SA A DEKRI FASON ENFÒMASYON MEDIKAL OU KA UTILIZE AK DIVILGE
AK FASON OU GEN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO.
TANPRI REVIZE LI AVÈK ATANSYON.**

DAT LI ANVIGÈ: 14 AVRIL, 2003.

Enfòmasyon Medikal Pwoteje

Ak Transparans Asirans Medikal, ak Akontablite [HIPAA] federal la ak lwa Eta yo egzije Pwogram Benefis swen medikal Eta New Jersey (SHBP) pou kenbe konfidansyalite enfòmasyon ki kreye oswa jere pa SHBP ki gen rapò avèk pase, prezan oswa sante mantal oubyen fizik ou ki ka rive nan lavni. Enfòmasyon Medikal Pwoteje sa (PHI) gen ladan enfòmasyon kominike oswa jere nan tout kalite sitiyasyon. Egzanp PHI yo se non w, adrès, nimewo Sekirite Sosyal, dat nesans, nimewo telefòn, nimewo faks, dat sèvis swen medikal, kòd dyagnostik, ak kòd pwosedi yo. SHBP kolekte PHI yo nan plizyè sous, tankou fòm anwolman, anplwayè, founisè swen medikal, ajans federal ak Eta, oswa twazyèm-pati distribitè yo.

Lalwa egzije SHBP pou respekte kondisyon notifikasyon sa. SHBP rezève tout dwa pou chanje tèm notifikasyon sa a. Si SHBP fè chanjman nan materyèl ki nan Notifikasyon sa a. N ap voye yon Notifikasyon revize.

SHBP Itilizasyon ak Divilgasyon PHI

SHBP gen pèmasyon pou itilize ak divilge PHI pou manm nou yo ka jwenn peyman pou sèvis swen medikal ak pou fè aktivite administratif yo bezwen pou yo jere SHBP san otorizasyon espesifik manm la. Daprè sikonstans limite, nou ka founi PHI pou Operasyon swen medikal founisè yo ak plas medikal yo. Nou founi anba la egzanp espesifik sou fason yo ka itilize oswa divilge PHI yo. Lis sa endike sèlman epi se pa tout itilizasyon ak divilgasyon ki nan lis la.

- SHBP an ka divilge PHI bay yon doktè oswa yon Lopital pou asiste yo pou founi manm yo tretman.
- SHBP kapab itilize ak divilge PHI manm yo pou Biznis Asosye li yo ka peye reklamasyon nan men doktè, Lopital, ak lòt founisè li yo.

- SHBP resevwa PHI de anplwayè yo, ki enkli adrès, nimewo Sekirite Sosyal, dat nesans manm yo. Nou founi enfòmasyon anwolman sa pou Biznis Asosye nou yo pou yo ka founi avantaj medikal pou benefis swen medikal pou manm ki kalifye yo.
- SHBP ak/oswa Biznis Asosye nou yo ka itilize ak divilge PHI pou envestige yon plent oswa pwosedi yon apèl yon manm fè.
- SHBP ka founi PHI pou yon founisè, yon sant medikal, oswa yon plan avantaj medikal ki pa Biznis Asosye nou ki kontakte nou avèk kesyon konsènan pwoteksyon medikal manm la.
- SHBP ka itilize PHI pou voye bòdwo pou yon manm pou primyòm apwopriye ak rekonsilye bòdwo nou resevwa nan mwen Biznis Asosye nou yo.
- SHBP ka itilize ak divilge PHI pou fwòd ak deteksyon abi.
- SHBP ka pèmèt Biznis Asosye li yo pou itilize PHI yo pou idantifye ak kontakte manm nou yo pou aktivite pou amelyore sante oswa diminye pri swen medikal, tankou enfòmasyon sou pwogram administrasyon maladi oswa sou benefis swen medikal ak sèvis oswa sou lòt tretman ki ka enterese yo.
- Nan yon ka kote manm la nan yon pwosè oswa yon diskisyon jiridik, SHBP ka itilize ak divilge PHI pou reponn yon tribinal oswa lòd administratif nan fason lalwa dikte.

- SHBP ka itilize ak divilge PHI pou ede evalue pèfòmans plan medikal nou yo. Tout divilgasyon ap gen ladan restriksyon pou tout lòt itilizasyon enfòmasyon diferan de premye bi entansyon an.
- SHBP ka itilize PHI pou yo ka analize done reklamasyon nou yo. Nou ka pataje enfòmasyon sa yo avek depatman entèn tankou kontwòl kont entèn (odit) oswa nou ka pataje enfòmasyon w yo avèk Biznis Asosye, tankou oksyonè nou yo.

Eksepte fason ki dekri anwo la, eksepte si yon manm espesifikman otorize nou pou fè sa, SHBP ap bay aksè sou PHI sèlman pou manm, reprezantan otorize manm la, ak òganizasyon ki bezwen enfòmasyon pou ede HBP pou okipe biznis li an ("Biznis Asosye" nou yo). Ou ka jwenn yon fòm otorizasyon sou Entènèt la nan: www.state.nj.us/treasury/pensions oswa demann pa Imèl pou: hipaaform@treas.state.nj.us. Yon manm ka revoke yon otorizasyon nenpòt lè.

Lè y ap itilize oswa divilge PHI an, SHBP fè tout efò rezonab pou limite itilizasyon enfòmasyon nan fason minimòm pou akonpli bi yo genyen an pou itilize li. SHBP okipe pwosedi fizik, teknik ak prekosyon pwosedi, ki konfòme avèk lwa federal konsènan PHI.

Dwa Manm yo

Manm SHBP gen dwa annapre sa yo konsènan PHI yo an:

Dwa pou Fè Enspeksyon ak Kopi: Avèk eksepsyon limite, manm yo gen dwa pou enspekte ak/oswa resevwa yon kopi PHI yo an SHBP konsève nan yon zòn deziyen pou dosye ki gen tout dokimantasyon sou manm ki anwole ak fason SHBP itilize PHI pou rezoud reklamasyon. Manm la dwe fè yon demann a lekri pou jwenn aksè sou PHI yo. Manm yo ka itilize kontak enfòmasyon ki nan fen Notifikasyon sa pou jwenn yon fòm demann pou aksè.

Dwa pou Fè Chanjman: Manm yo gen dwa pou mande SHBP fè chanjman nan PHI nou kreye epi ki konsève nan yon zòn deziyen pou dosye yo.

Nou pa kapab chanje enfòmasyon demografik, dosye tretman oswa lòt enfòmasyon lòt moun te kreye. Si manm yo ta renmen chanje pati enfòmasyon demografik yo an, tanpri kontakte pèsònèl ofis ou an. Pou fè chanjman nan dosye tretman, yon manm dwe kontakte doktè ki trete yo an, klinik, oswa founisè ki te kreye ak/oswa jere dosye sa yo.

SHBP ka denye demann manm la si: 1) nou pa t kreye enfòmasyon li mande pou chanje a; 2) enfòmasyon an pa fè pati zòn ki deziyen pou dosye SHBP jere yo; 3) manm la pa gen dwa aksè sou enfòmasyon sa; oswa 4) nou kwè enfòmasyon sa yo kòrèk ak konplè. Si nou denye demann manm la, N ap founi yon eksplikasyon alekri sou rezon ki fè nou refize li ak dwa manm la konsènan refi an.

Dwa pou bay Kontrandi ak Eksplikasyon: Manm yo gen dwa pou resevwa kont an detay sou fason SHBP oswa Biznis Asosye nou yo te divilge PHI manm la. Kontrandi a ap revize divilgasyon ki te fè sou sis ane pase yo oswa nan pase jiska 14 Avril, 2003, swa peryòd pli kout la. N ap founi manm la ak dat divilgasyon an te fèt, non moun oswa antite nou te divilge PHI an, ak deskripsyon enfòmasyon nou divilge, ak sèten lòt enfòmasyon. Sèten divilgasyon pa fè pati egzijans sa (egzanp, sa ki fèt pou tretman, peyman oswa bi administrasyon benefis swen medikal oswa divilgasyon ki fèt avèk otorizasyon) epi li pap enkli nan Kontablite an.

Dwa pou Mande Restriksyon: Manm la gen dwa pou mande SHBP pou mete yon restriksyon sou fason yo itilize ak divilge PHI yo an pou tretman, peyman oswa bi administratif swen medikal. SHBP pa oblije pou dakò avèk restriksyon sa yo epi nan kèk ka yo pa gen dwa pou dakò sou restriksyon sa yo. Men tou, si nou dakò avèk restriksyon an, akò nou an ap toujou fèt alekri epi siyen pa Ofisye Konfidansyalite. Demann manm pou restriksyon dwe fèt alekri. Itilize kontak enfòmasyon ki nan fen Notifikasyon sa pou ka jwenn yon fòm.

Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl: Manm la gen dwa pou mande pou SHBP kominike avèk yo an konfidans sou PHI yo an nan yo fason altènatif, oswa yon lokasyon altènatif nan divilgasyon pou pati oswa tout enfòmasyon pou yon lòt moun ki ka mete yo

andanje. N ap akomode kalite denanm sa si li rezonab, si demann la espesifye fason oswa lokasyon altènatif la, ak sili kontinye pou pèmèt SHBP pou kolekte primyòm ak peman sou plan pwoteksyon yo an.

Pou mande chanjman pou kominikasyon konfidansyèl, manm la dwe fè demann li nan alekri, epi li dwe deklare avèk klarite fason enfòmasyon sa yo ka mete yo andanje si li pa kominike avèk konfidansyalite jan yo mande an.

Kesyon ak Plent

Itilize enfòmasyon ki an fen Notifikasyon sa pou kontakte SHBP si ou gen kesyon oswa enkyetid.

Si manm la panse SHBP te vyole dwa prive yo an, oswa pa dakò avèk yon desizyon ki fèt sou aksè sou PHI yo an, nan repons sou yon demann ki te fèt pou chanje oswa mete restriksyon oswa itilize ak divilge enfòmasyon yo an, oswa pou mande SHBP pou kominike avèk yo an konfidans nan yon fason altènatif oswa lokasyon altènatif, yo ka soumèt yon plent alekri. Pou jwenn yon fòm pou pote plent, itilize kontak enfòmasyon ki nan fen Notifikasyon sa.

Manm yo ka soumèt yon plent alekri pou U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201.

SHBP sipòte dwa manm yo pou pwoteje konfidansyalite PHI yo an. Se dwa w pou pote yon plent nan SHBP oswa nan Ministè Sante Piblik Etazini (the U.S. Department of Health and Human Services).

Kontakte Biwo: The State Health Benefits Program — HIPAA Privacy Officer

Adrès State of New Jersey
Department of the Treasury
Division of Pensions and Benefits
PO Box 295
Trenton, NJ 08625-0295

Faks: (609) 341-3410

Imèl : hipaaform@treas.state.nj.us.